# BASLANǴISH KLASLARDA "TÁRBIYA" PÁNIN OQITIWDA INNOVACIYALIQ METODLARDAN PAYDALANIW METODIKASI

**Sulaymanova Mansura Polatovna**
**2-kurs magistrantı, Nókis Mámleketlik Pedagogikalıq Institutı**

**https://doi.org/10.5281/zenodo.7814736**

**Annotaciya.** Házirgi waqıtta tálim processinde oqıtıwdıń zamanagóy metodları keń qollanılıp atır. Oqıtıwdıń zamanagóy metodların qollaw oqıtıw processinde joqarı nátiyjelililikke erisiwge alıp keledi. Sol sebepli baslanǵısh klass oqıwshılarına "Tárbiya" pánin oqıtıwda innovaciyalıq metodlardan paydalanıw da unamlı nátiyjeni kórsetiwin tastıyıqlaw usı maqalanıń túp maqseti esaplanadı. Izertlew nátiyjesi sonı kórsetti, baslanǵısh klass oqıwshılarına "Tárbiya" pánin oqıtıwda 3×3, 4×4 metodı hám Domalawshı qar uyımı metodların qollaw arqalı unamlı nátiyjege erisildi.

**Tayanısh sòzler:** Tárbiya páni, oqıtıwshı, oqıwshı, baslanǵısh klass, metod, innovaciyalıq metodlar, 3×3 4×4 metodı, Domalawshı qar uyımı metodı.

Tárbiya -shaxsda arnawlı bir fizikalıq, intellektual, psixik, etikalıq hám ruwxıy sapalardı qáliplestiriwge qaratılǵan pedagogikalıq process bolıp tabıladı. Insannıń jámiyette jasawı ushın zárúr bolǵan ayrıqshalıqlardı ıyelewdi támiyinlew jolında qollanılatuǵın ilajlar kompleksi tárbiyanı quraydı. Tárbiya insannıń insanlıǵın támiyinleytuǵın eń áyyemgi hám máńgi qádiriyat bolıp tabıladı [1, 12-14]. Tárbiyasız bólek adam da, adamlıq jámiyeti de ámelde bola almaydı. Sebebi adam hám jámiyettiń bar ekenligin támiyinleytuǵın qádiriyatlar tárbiya sebepli bir áwladtan basqa áwladqa ótedi. Sol sebepli, mámleketimizdiń ulıwma orta bilim beriw mekteplerine " Tárbiya" pánin oqıtıw engizildi. Usı pándi baslanǵısh klass oqıwshılarına oqıtıwda innovaciyalıq metodlardan paydalanıw áhmiyetli bolıp tabıladı, sebebi baslanǵısh klass oqıwshıları qızıǵıwshań hám epshil, dıqqattı talap etiwshi shaxslar esaplanadı.

Innovaciyalıq metodlar degende tálim alıwshılardı aktivlestiriwshi hám ǵárezsiz pikirlewge úndewshi, tálim procesiniń orayında tálim alıwshı bolǵan metodlar túsiniledi [4, 32]. Bul metodlar qollanılǵanda tálim beretuǵın tálim alıwshını aktiv qatnasıwǵa shaqıradı. Tálim alıwshı pútkil process dawamında qatnasadı. Tálim alıwshı orayda bolǵan jantasıwdıń paydalı táreplerin tómendegilerde kóriwge boladı :

Tálim nátiyjesi joqarı bolǵan oqıw -úyreniw;
tálim alıwshınıń joqarı dárejede xoshametlentiriliwi;
ilgeri arttırılǵan bilimlerdiń de itibarǵa alınıwı ;
tálim procesi tálim alıwshınıń maqset hám mútájliklerine muwapıqlastırılıwı;
tálim alıwshınıń ǵayratkerligi hám juwapkerliginiń qollap -quwatlanıwı ;
ámelde orınlaw arqalı úyreniliwi;
eki tárepleme oy-órislerge shàràyat jaratılıwı.

Baslanǵısh klass oqıwshılarına "Tárbiya" pánin oqıtıwda qollanılatuǵın innovaciyalıq metodlarǵa tómendegilerdi kiritsek boladı:[3, 45-53].

“Domalawshı qar uyumı” metodı. Domalawshı qar uyumı metodı oqıw shınıǵıwın ótkeriw metodınıń ràsmiy atı bolıp, jumıs qoyılǵan mashqala ústinde oy-pikir júrgizip kóriw ushın oqıwshılarǵa waqıt, tiyisli derekler, tarqatpa materiallar beriwden baslanadı. Bul metod gruppanıń hár bir aǵzasına pútkil gruppanıń bilimleri hám tájiriybelerinen paydalanıp, óziniń

keń qamtılǵan kòz qarasın bayanlawdı názerde tutadı. Onıń ushın oqıwshılar 4 kishi gruppalarǵa ajratıladı. Talqılap shıǵıw ushın barlıq gruppalarǵa bir tapsırma beriledi.

Hár bir kishi gruppa tapsırma ústinde bólek isleydi. Keyninen birinshi menen ekinshi hám úshinshi menen tórtinshi gruppalar mashqala ústinde birgelikte talqılaw júrgizedi. Axir àqıbette barlıq kishi gruppalar birlesip, pútkil pútin gruppa bolıp qoyılǵan mashqala sheshimin sheshiwdiń túrli jolların, variantların talqılasadı. Bunday talqılaw processinde oqıwshılardıń qoyılǵan mashqala maydanınan bilimleri tereńlesip, aydınlasıp, bayıp, keń qamtılǵan bolıp baradı.

«3/3» («4/4», «5/5», ...) metodı. Usı metod oqıwshılardan úyrenilip atırǵan tema (yamasa bólim, bap) maydanınan analitik oy-pikir júrgiziw, sonıń menen birge, eń zárúrli tayanısh túsiniklerdi ańlatpalay alıwdı talap etedi. Oǵan kóre oqıtıwshı tema (bólim, bap) maydanınan ùsh (tórt, bes hám taǵı basqa ) tuwrı hám oǵan teń koefficientte (ùsh, tórt, bes) bolǵan hám orınsız qollanılǵan túsinikler (sózler, belgiler, sùwretler hám basqalar ) den ibarat sistemanı qáliplestiredi. Oqıwshılar bul sistemadan tema (bólim, bap) ga tiyisli bolmaǵan túsiniklerdi ajratadı hám háreketleriniń mánisine anıqlama beredi.

Metodtı qollawda tómendegi háreketler shólkemlestiriledi :

Oqıtıwshı óz-ara teń koefficientte tema (bólim, bap) ǵa tiyisli hám tiyisli bolmaǵan tiykarǵı túsinikler sisteması jaratadı ;

Oqıwshılar tema (bólim, bap) ga tiyisli hám tiyisli bolmaǵan tiykarǵı túsiniklerdi anıqlaydı hám tiyisli bolmaǵan tiykarǵı túsiniklerdi sistemadan shıǵaradı ;

Oqıwshılar óz háreketleriniń mánisine anıqlama beredi.

Metodtan individual, gruppalı hám ǵalabalıq formada oqıwshılar tárepinen temanıń puqta ózlestiriliwin támiyinlew hám de olardıń bilimlerin anıqlaw maqsetinde paydalanıw múmkin.

**Juwmaqlaw**. Sonday etip, "Tárbiya" pánin oqıtıw processinde innovaciyalıq metodlardan paydalanıw ayrıqsha ózgeshelikke iye. Tálim ámeliyatında paydalanılıp atırǵan hár bir innovaciyalıq metodtı dıqqat penen úyreniw hám ámelde qollaw oqıwshılardıń pikirlewin keńeytiredi hám de mashqalanıń tuwrı sheshimin tabıwlarına unamlı tásir kórsetedi. Oqıwshılardıń dóretiwshiligin hám aktivligin asıradı. Hár qılı teoriyalıq hám ámeliy máseleler innovaciyalıq metodlar arqalı analiz etilgende oqıwshılardıń bilim, kónlikpe, ilmiy tájriybeleri keńeyiwi hám tereńlesiwine erisiledi.

## References:

1. D. Ro'zieva hám basq. Tárbiya: baxıt hám tabıs sırları. 3-klass sabaqlıq.-T., “Sano - standart”, 2020

2. N. Isatova hám basq. Tárbiya: baxıt hám jetiskenlik sırları. 2-klass sabaqlıq.-T., “G'ofur Ǵulom”, 2020

3. O. U. Avlayev, S. N. Jo'rayeva, S. P. Xatkeryeva “Tálim metodlari” oqıw -stilistik qóllanba, “Navro’z” baspası, Tashkent – 2017

4. Бордовская Н., Реян А. Педагогика. –Санкт-Петербург, 2001. –С.32